



Boston Housing Authority
Occupancy Department
56 Chauncy Street, 1ST Floor
Boston, Massachusetts 02111-02375

Phone: 617-988-3400
Fax: 617-988-4214
TDD: 1-800-545-1833 Ext. 420
www.BostonHousing.org

BHA's John F. Murphy Housing Service Center **56 Chauncy Street, Boston, MA 02111**

Lè Biwo a ouvè

Pwosesis sou kijan yon moun kalifye pou seksyon 8 avèk vini yon nouvo lokatè.

Depi Lendi rive Vandredi, Ant 9:00 dimanten ak 5:00 diswa

W ka vini nan BHA pou tcheke kijan aplikasyon pou kay la a ap mache; epitou w kapab ajoute lòt enfòmasyon (Tankou adrès lakay w, nimewo telefòn w, nan ki lis datent non w ye, konbyen moun ki rete lakay la, Fè konnen si sitiyaon ke w ap viv kounye a mande yon konsiderasyon espesyal)

Lendi, Madi, avèk Mèkredi, Ant 9:00 dimanten ak 5:00 diswa

Oswa rele nan (617) 988-3400 nimewo telefòn BHA kila pou enfòm sou kijan aplikasyon pou kay la ap. Konsatou w kapab mande pou yo voye yon aplikasyon lakay w pou w ranpli pou fè demand pou kay.

Depi Lendi rive Mèkredi, Ant 11:00 dimaten ak 2:00 diswa

Diferan mwayen w kapab fè demand pou kay nan BHA:

- Ale nan sant sèvis lojman BHA ki regle zafè, ki ouvè depi Lendi rive Mèkredi, ant 9:00 dimanten ak 5:00 diswa
- Granmoun avèk moun ki andikape kapab mande pou BHA voye yon aplikasyon pou yo si yo rele nan nan (617) 988-3400 nimewo telefòn pou enfòmasyon sou lojman nan BHA, sa dwe fèt nan lè biwo a ouvè.

Nòt empòtan: BHA ankouraje ki vle fè deman pou kay pou yo ale nan sit entènèt la a pou yo gade yon videyo ki gen enfòmasyon sou kijan jon moun ka vinn yon lokatè a lavni. W kapab gade li an Anglè, Panyèl, diferant lang chinwa yo tankou Kantoniz ak Mandaren, epitou nan Kreyòl Aisyen. BHA kapab bay menm enfòmasyon sa yo nan biwo a si gen moun ki entèrese vini nan yon reyinyon pou sa, epitou ap genyen yon entèprèt la pou ede moun ki pale lòt lang ki pa Anglè.

Lè yon moun finn rampli aplikasyon pou demand kay la a, sa vle di yo ekri tout enfòmasyon nan papye epitou yo siyen, yo dwe deplase ale nan BHA pou bay aplikasyon an.

Lè Lendi, Madi Lè, oswa Lè Mèkredi depi 2:00 diswa 4:30 diswa

(Note: this document is a translated version and is for reference only. Dokiman sa a se yon vèsyon tradui e se pou referans sèlman.)